

Se sèl Bon Dye pou nou bay glwa. Bon Dye ap tan'n pou nou konpran'n byen enpòtans travay ke la'p akonpli pou nou: kote lap fèmen bouch advèse ki toujou la pou'l akize nou-an e nou dwe montre rekonesans nou lè nou va chante louanj ak lonè pou li. Tout sa na'p fè dwe yon sijè pou bay Bon Dye glwa, tankou sa ekri nan Bib la: "Se sak fè, kit n'ap manje, kit n'ap bwè, nenpòt kisa n'ap fè, fè l' pou sa sèvi yon lwanj pou Bon Dye." (1 Korentyen 10: 31)

An'n adore sila-a ki fè syèl la, tè-a, lanmè-a ak sous dlo yo.

Poun fini, an'n sonje ke nan gwo goumen milenè-a, djab la ap fè tou sa ki nan pouvwa'l pou'l ka resevwa adorasyon nanmen lè zòm. Men baz tout vrè adorasyon vini di fèt ke se sèl Bon Dye ki se Kreyatè. "O Bon Dye, Mèt nou, ou merite pou ou resevwa lwanj, respè ak pouvwa. Se ou menm ki fè tout bagay. Si yo la, si yo gen lavi, se paske ou vle l'." (Revelasyon 4: 11)

Lè nou adore sila-a ki fè syèl la, tè-a, lanmè-a ak sous dlo yo, sa pa vle di lòt bagay ke yon apèl prese prese pou nou obsève katriyèm kòmandman-a kap toujou rete mak pisans Bon Dye kòm Kreyatè. "Toujou chonje jou repo a pou nou mete l' apa pou mwen. N'a travay sis jou. Lè sa yo n'a fè tou sa nou gen pou fè. Men, setyèm jou a, se jou repo pou nou mete apa pou Seyè a, Bondye nou an. Jou sa a, nou p'ap fè ankenn travay, ni nou menm, ni pítit gason nou, ni pítit fi nou, ni moun k'ap travay lakay nou, ni bèt nou yo, ni etranje ki lakay nou. Paske, Seyè a te pran sis jou pou l' fè syèl la, latè a ak lanmè a ansanm ak tou sa ki ladan yo. Apre sa, sou setyèm jou a, li pran repo. Se poutèt sa, Seyè a beni jou repo a, li mete l' apa pou li. (Ekzòd 20: 8 -11)

Pou tout moun ki vle deside adore tout bon vre Bon Dye Kreyatè-a pral konpran'n ke li se yon obligasyon pou'l obsève katriyèm kòmandman ki se yonn nan lwa dis kòmandman ki pa jan'm chanje-a.

Zanmi nou tout kap li mesaj sa-a, an'n mande Senyè-a pou'l fè nou gras pou nou rete nan imilite pou nou ka soumet nou ak volonte'l chak jou pou'n ka obsève kòmandman'l yo. An'n apran'n mennen yon vi ranpli louanj ak konsekrasyon, nou va glorifye'l, e lè nou obsève sen Saba Bon Dye-a, vrè mak pisans Kreyatè-a, se va yon sign ke nou kenbe mo nou envè li men'm ki se Kreyatè ak Sovè nou, sila-a ki kapab jistifye nou. Wi, amen.

Sè yon mesaj ke Pastè **Yrvain Jean Philippe** prepare pou nou



Mesaj sa-a se yon koutwazi: **Mouvman Evanjelik Ouvriye Dènye Moman-an (MEODH)**

www.laicenmarche.org; www.laicenmarche.com;

www.meodh.org nan tèt kole ak **Federasyon Sentral Advantis 7e jou-a nan peyi dayiti (FEDCHAS)**

Kontak: laicenmarche@gmail.com

(631) 949- 6964; (203) 247- 0596; (703) 244- 8480



www.meodh.org; www.laicenmarche.org; www.laicenmarche.com

Men dènye mesaj avètisman Bon Dye voye pou tout moun kap viv sou LATÈ.

(Sa-a se mesaj premye zanj la, Revelasyon 14: 6, 7)



Mezanmi, tout bagay preske fini, jou jijman-an rive sou nou. Se moman pou nou deside ranje koze nou avèk Jezi.

Tanpri, pran yon ti tan pou'w li mesaj sa-a epi aplike'l nan lavi'w, ou pap regret demen.

Men jou **jijman** Bondye a rive!



Revelasyon 14: 6- 13 prezante nou mesaj 3 zanj, moun ki konnen rele yo mesaj 3 zanj. Se a travè yo men'm Bon Dye vle atire atansyon tout moun kap viv sou tè-a sou 3 bagay enpòtan ki montre a klè, gwo goumen ki ekziste depi dig dantan ant satan ak Bon Dye: Jou jijman Bon Dye-a, babilòn ki pral tonbe e gwo avètisman kont mak bêt la. Batay sa-a konsène tout moun e rezilta-a se pou chak moun kapab chwazi la vi etènèl ou byen lanmò etènèl, e se devwa pa nou, pou nou sezi okazyon enpòtan e fè nou konnen avètisman ki sòti nan zantray mizerikòd Bon Dye e aplike'l nan vi nou.

Nan etid sa-a, nap sèlman konsidere premye mesaj la ke nou jwenn nan vèsè 6 ak 7 Revelasyon 14 la, nan men'm chapit la: "Lè sa-a, mwén wè yon lòt zanj ki t'ap vole byen wo nan sièl la. Li te gen yon bon nouvèl pou l' te bay tout moun ki rete sou latè, bon nouvèl ki la pou tout tan an pou moun tout nasyon, tout ras, tout lang, tout peyi. Li t'ap pale byen fò, li t'ap di: Gen krentif pou Bondye, fè lwanj lì! Paske lè a rive, l'ap vin jije lèzòm. Adore moun ki fè sièl la, tè a, lanmè a ak tout sous dlo yo."

Premye mesaj la di nou jijman san kondisyon ke Bon Dye te gentan anonse nan bouch pwofèt yo, apòt yo e pa Kris li men'm gentan rive. (Eklesyas 12: 13, 14; 1 Korentyen 5: 10; Matye 12: 26) Jou jijman Bon Dye-a rive: Deklarasyon sa-a pèmèt nou wè ke se yon randevou ke Bon Dye te deja fikse li men'm nan istwa lè zòm. Detay sa yo te gentan anonse pa sila-a ki gentan a lavans wè tout bagay e anyen paka fè'l sipriz ni okenn ti plan kreyati li yo Daprè deklarasyon apòt Pòl fè: "Se konsa tou, li fikse yon jou lè li gen pou l' jije tout moun san patipri: li chwazi yon nonm pou sa. Li bay tout moun prèv la lè l' fè nonm sa a leve soti vivan nan lanmò." (Travay apòt yo 17: 31)


Lè jijman Bon Dye-a rive. Li enpòtan anpil pou nou konnen se yon obligasyon pou Bon Dye pou'l pase nan faz jijman-an nan lide pou'l kapab pote limyè sou tout dout ki ta blayi sou do'l kòm Kreyatè ak Sovè nou. Nan liv Revelasyon 12: 10, men sa ki ekri:" Apre sa, mwén tande yon gwo vwa nan syèl la ki t'ap di: Koulye a, Bon Dye pral vin delivre nou. Koulye a Bon Dye fè wè li gen pouvwa, se li ki sèl Mèt! Koulye a, Kris li a fè wè otorite li. Paske, moun ki t'ap plede akize frè nou yo, moun ki te kanpe la devan Bon Dye, lajounen kou lannwit, ap pote plent pou yo-a, yo mete'l

deyò nan syèl la."

Sila-a ka'p akize frè nou yo se satan li men'm. Lè satan ap akize pitit Bon Dye ki sove yo, se yon lòt mwayer lap chèche pou'l akize tou sila- ki se Kreyatè e Sovè-a. Li pwofite mete an kesyon jistis ak entegrite Bon Dye, se yon mwayer tou pou'l jete dout sou karaktè moun Bon Dye ye-a. Depi lè sa-a, li vi'n yon obligasyon pou Bon Dye pou'l prezante devan tribunal selès la, akonpanye ak tout moun sove yo pou'l ta repon'n ak tout fo akizasyon ke djab la mete sou li ak rachte yo ka rive demaske, e la pè ak bonè etènèl nan tout linivè kapab jwi dezòmè yon sekirite san parèy nan konesans jistis ak lanmou'l paske "Jijman'l yo te manifeste." (Revelasyon 15: 4)

Pou sa ka rive fèt, Bon Dye te oblige konvoke tribunal syèl la. Anpil gwo liv nan syèl la louvri, e dosye tout moun ekzamine. Erezman syèl la jwenn nan Jezi yon bon avoka nan kò li, makònèn ansan'm Bon Dye ak moun, se sèl li men'm ki kalifye pou ouvri liv lavi-a kote non tout pitit Bon Dye ki gen lanmou-an. L'a va defan'n kòz tout moun ki mete konfyans yo nan li, ya va pran pwa yo nan balans jistis gran Mèt la, kote non yo pra'l enskri pou tout tan gen tan nan liv sa-a, e balans sa-a pa lòt bagay ke la lwa ki sen Bon Dye bay la, Daprè Jak 2: 12; Men avèk la fwa ke y'a mete nan yon Sovè san parèy, y'a va jistifye anba akizasyon advèsè-a. (Jan 5: 24)

Ki pi bon nouvèl pase sal! Se tout bon vre yon levanjil kap dire tout tan gen tan. Faz jijman sa-a ap konsène sèlman moun ki kwè déjà, tankou sa ekri: "Paske, dat la rive pou jijman Bon Dye a konmanse. L'ap konmanse ak moun kinan kay Bondye a anvan." 1 Pyè4:17, se premye pati jijman Bon Dye-a daprè Danyèl 7: 9, 10 epi Revelasyon 5: 1- 5. Dezyèm faz jijman sa-a li men'm pral konsène sèlman mechan yo. (Revelasyon 20: 4) nou pap konsidere chapit sa-a nan etid nou-an.



Gen krentif pou Bon Dye. Devan jijman Bon Dye-a, yon apèl lanse ak tout moun pou yo gen krentif pou Bon Dye, pou yo ba'l glwa e adore'l kòm Kreyatè. Nou vle attire atansyon'w se paske Abraam te manke la fwa ki fè l'te deklare ke Sara se sèl epi la'l fè yon lòt nòs avèk sèvant la, Agar. Papa Bon Dye te pase Abraam anba gwo eprèv lè li te mande'l pou'l ofri'l Izaak an sakrifis. Bon poukisa men'm? Tou senpleman paske Bon Dye te vle montre tout moun kap viv nan linivè "Ke li aksepte sèlman yon obeyisans san reèy." (Koze yon Otè ki enspire)

Pi gwo eprèv krentif pou Bon Dye ke syèl la ap ret tan'n de nou, se lè nou obeyi ak kòmandman Bon Dye te bay yo. "Apre tout pawòl sa yo, se yon sèl bagay pou m' di nan sa: Gen krentif pou Bon Dye. Fè tou sa li mande ou fè yo. Se pou sa ase Bon Dye te kreye moun. Paske Bon Dye ap jije tou sa n'ap fè, kit yo bon, kit yo pa bon, ata bagay nou fè an kachèt." (Eklezyas 12: 13, 14)